**ТАХАНЛЕРА ТЕМАНАШ**

# Кхин дан амал цахилар ду и. Мусаева Зарема маьрша йоккхуш гIо дийр дуй нохчийн куьйгалхочун йоIа?

Товбеца-бутт 01, 2026




Кадырова Iайшат а, Янгулбаева Алия а

**Шен могушалла ледара йоллушехь, пхеа шарахь Нохчийчохь набахтехь латточу тутмакхан Мусаева Заремин йоIа Янгулбаева Алияс орца дехна республикин куьйгалхочун йоIе Кадырова Iайшате. Тхан редакцино теллира Мусаеван доьзалан и гIулч йаккха сацам муха хилира.**

Кадырова Iайшатан 27 шо ду. Хьалхо Нохчийчоьнан културан министран а, социалан гIуллакхашкахула вице-премьеран а даржехь лаьттира иза. Амма стохка чиллан-баттахь цо дIахьедира шегара дарж ша охьадуьллу, и тайпа дукъ боьршачу стагехь товш ду аьлла. Мехкан куьйгалхочун йоI дика йевзаш йу ишта, Firdaws брендан долахо санна, иштта иза йузура нехан долара хазаллин а, зударийн духаран сферашкара бизнесна тIехь нохчийн Iедалхой дола дан хьийзарца а.

Тхоьца къамел динчара дийцарехь, цхьаболчу меттигерчу бахархошна Кадырова Іайшат дош лелаш йу, цунна хетарг дас кхочушдо, цуьнга ла а дугІу. И гІиллакх лелаш долу масех шо ду. Хьалхо гІо доьхуш дехарш дира нохчийн куьйгалхочун нене Кадырова Айманига. Цара орца доьхура доьзалехь барт ийгІича а, бахамца доьзна хьал хІоттахь а, йукъараллин-политикан проблемаш нислахь а.

Масала, 2018-чу шарахь Кадырова Айманига йистхуьлуш видео дІайазйира Нохчийчуьра цхьана йахархочо, шен цІе а, йуьхь а къайла а хьош. Цо дІахьедира махкахь нах лечкъош, царна тІехь таІзарш лелорах, дехар дира мехкан урхалхочун нене, хьайн кІант сацаве аьлла. Шен къамелехь зудчо хьахийра тІепаза хІетахь вайна хилла Бакаев Зелим а.

**“ Дина аьрзнаш нийса луьстуш дац, нахана Іалашбала меттиг буьтуш бац**

Нефтекумскерчу йахархочо Юлбулдыева Зульфияс а гІо дийхира Кадырова Айманига. Нохчийчуьра Джалкера вахархочуьнгара ша эцна цІа иза кхелхинчул тІаьхьа, цуьнан вежарша шен цІартІе ца доккху бохура цо. Ша а, шен доьзал а баха меттиг йоцуш, арахь бисина бохура. Шен кхайкхамехь цо официалан Іедале дехар ца дира, доьзалан и нана шех кхетар хир йу аьлла, ойла йина, нене йистхилира иза.

Тахана цу кепара дехарш Кадырова Іайшате до. Иза политикехь йацахь а, бахархоша орца доьху цуьнга, доьзалехь дош лелаш иза хиларна, шайна цуьнгара цхьа пайда бер бу аьлла хеташ.

Иштачу масалех уггаре а гІарадаьлла цхьаъ ду - блогеран Аладышева Аннин дийцар. Нохчийчуьрчу вахархочух дІасакъаьстинчул тІаьхьа, бакъонашларъярхоша дийцарехь, шен шина йоІах хьегош, халонаш лайра цо. Амма Кадырова Іайшат юкъагІортар бахьана долуш дов дирзира. ХІинццалц схьа баттахь масех сахьтана, иза а берийн да цхьана а волуш бен пурба ца лора Аладышева Аннина шен берашца цхьанакхета. Ткъа тахана цуьнан бакъо йу шена луъучу хенахь берашна тІекхача а, церан дахарехь доккха дакъа лаца а.

Хетарехь, цундела хир ду-кх, кхин а даккхий, нахала девллачу гІуллакхаш тІехула а Кадыровн йоІе бийлар, шайлахь Нохчийчуьра Лакхарчу кхелан суьдхо лаьттинчу Янгулбаев Сайдин хІусамненан, мехкан куйгаллина йиллина критика йечу ЯнгулбаевгІеран вежарийн-оппозиционерийн ненан Мусаева Заремин гІуллакх а. Бакъонашларйархой тешна бу, Мусаевана тІаьхьабовлар цуьнан кІенташа лелош долчу гІуллакхца доьзна ду аьлла.



КХИН А ХЬАЖА:

Кадыровн закъалтхо? Нохчийн оппозиционерийн ненан Мусаева Заремин керла бехкзуламан гӀуллакх

2022-чу шарахь гӀуран-баттахь нохчийн ницкъхоша Лаха Новгородерчу петарера Мусаева лачкъийна, нуьцкъала Соьлжа-ГӀала дӀайигира, теше санна хеттарш дан оьшу аьлла, бахьана а хӀоттийна. Полисхо сийсазвина аьлла, бехке а йина, лаьцна йитира иза дуьххьара 15 дийнахь, цул тӀаьхьа Iедалан белхахочунна тӀелатар дина цо аьлла, бехкзуламан гӀуллакх долийра цунна дуьхьал. ТӀаьхьо бозбуунчаллаш лелорна бехк а биллира, ткъа цунна йуьхьанца тоьхна хан чекхйала герга йахча, Федералан таIзарш кхочушдаран сервисан белхахочунна йуха а тӀелатар дина цо аьлла, кхин а цхьа гӀуллакх долийра. Мусаевас шена дохку бехкаш тӀе ца дуьту.

Кадыровс чIагIдора, Мусаева "дӀайигина" цуьнан берриг а доьзал "социалан машанашкахь болх беш хиларна" аьлла. Нохчийчоьнан куьйгалхочо масийттазза кхерамаш тийсира ЯнгулбаевгӀеран доьзална. Цхьана видеохаамехь цо дуьххьалдӀа бохура, церан "меттиг йа набахтехь, йа лаьтта бухахь бу". Янгулбаев Сайди а, цуьнан йоI Алия а Оьрсийчуьра дӀадахара 2022-чу шарахь, цуьнан кӀентий а бу дозанал арахьа бехаш.

Мусаева Заремин могушалла чохь латточу йукъанна Iаламат чIогIа эшна йогIу. Хьалха а дуккха а бахьанаш лелийра цуьнан доьзало, иза маьрша йаккха гӀерташ, амма аьтто ца белира.

Тхан редакцица хиллачу къамелехь Янгулбаева Алияс билгалдаьккхира, ша Кадырова Iайшате аьлла, зорбане даьккхина кехат политикан Iалашонца йаздина дацара, амма шайна нана маьршайаккхийта муьлххачу а аьттонах пайдаэца Iалашонца дина хIума дара аьлла. Цо дийцарехь, нана набахтехь латточу шерашкахь тайп-тайпанчу низаман некъашца иза маьршайаккха хьийзина доьзал, амма цхьана а некъо пайда ца беара царна.

"Сан нана ара ца йаьккхина. Тахана сайн аз хазийта лууш, аса муьлххачу а гӀирсах пайдаоьцур бу. Нагахь санна, сан кхайкхамо иза маьршайаккха цхьана агӀор аьтто лур бу аьлла, сайн дегайовхо хилча, со декхарийла йу цхьаъ дан",- бохура Алияс.

Цо билгалдоккху, ша боккъалла а шена цунах цхьа накъосталла хир ду аьлла, дегайовхонца хилар, цунна теша лаьа, шен кехат жоп доцуш дуьтур дац аьлла. Иштта мехала ду цунна, оцу хьолана цхьана агIор йукъагIорта аьтто болчу нахана,

шен ненах лаьцна хууш хилийтар а:"Суна уггаре а коьртаниг ду, сан нана цIийнах кхетар".

Шен йишас Кадырова Iайшате йаздинчу кехатах лаьцна вистхилира ишта юрист, бакъонашларйархо Янгулбаев Абубакар а. Цо а иштта билгалдоккху, шаьш ца деш хIума а, орца ца доккхуш меттиг а бисина бац: ницкъаллин структурашка латкъамаш бар а, хаамийн гIирсашка кхайкхамаш бар а, политикашка а, йукъараллашка а лерина дехарш дар а.



Янгулбаев Абубакар

Цо дагадаийтира, хьалхо шен ненаца ша хийца аьлла, мехкан урхалхочуьнга ша кхайкхамбар а, амма Iедалхоша тергамза дитира цуьнан дехар: "Ткъа сан йишин леррина Кадырова Iайшате йистхила ойла хилира, иза ша а санна, зудабер хиларна, цунна гуш йу Нохчийчуьра и агIо а. Со цунна тIетайра".

Цхьана некъо хьуна пайда ца бинехь, кхин некъа леха оьшу, кхин дIа а дийцира Янгулбаевс. Мехкан куьйгалхочун йоI шен йишина жигара а, цхьацца девнаш дерзорехь дош лелаш а хийтира. Цу тIе доьзалехь иза йоккхаха йолу йоI а йу, дена гергахь цуьнан авторитет хуьлу иштачу меттигехь.

Белгехь йехачу нохчийн бакъонашларйархочунна Газиева Фатимина а хета, оцу гIулчо, доьзална шайн карахь мел болчу гIирсах пайдаэца лууш хилар гойту аьлла.

"Арзнаш бакъонца луьстуш дацахь, бакъонан низамаш а болх беш ца хилча, тIаккха нахана дуьсуш ду авторитет йолчу нахе бовлар, цхьа бехке болчу нахе дехар дан, цара цхьа Iаткъам бийр бу аьлла дегайовхо йолуш", - бохуш, кхетадо цо.

Цунна хетарехь, Янгулбаевас зорбане даькkхина диллина кехат уггаре а хьалха "кхин дан амал доцуш йаьккхина гIулч" йу. Мусаеван йоI Кадыровн йоIе йистхилар, иза билггал оцу гIуллакхна йукъагIуртур йу аьлла, тешна хилар дац, иза шен ма-хуьлла оцу хьолана цхьана агIор Iаткъам бен болчу нахана ша дIахазийта лаар ду бохура цо.




Кадыров Рамзан а, цуьнан йоI Кадырова Iайшат а

**ХIокху Iедална хьалха адам бакъо йоцуш хиларан билгало йу цуьнан кхоллам**

Дукха зама йу Нохчийчоь низамаша болх беш доцу доза хилла дIахIоьттина, ткъа доллу Iедал готтачу Iедалан тукхаман карахь ду. Цундела, дукхачу хьолехь, низаман механизмаша болх ца бо, маьIне хуьлу зIенаш а, хьо дош лелаш хилар а, формалехь доцчу некъашца оцу хьолан цхьа йист йаккха гIертар а, боху политолога Исханов Хьусейна.

"Хуьлуш долчу хIумана Кремло бIаьргаш хьаббина ца Iаш, и система иштта кхин дIа а латтош гIо а до.

Путин Владимирна, дукххаъчу критикашна хетарехь, республикехь низаман урхалла лардар мехала данне а дац, Кадыров Рамзан шен тешаме хилар коьрта ду цунна. И бахьана долуш дукххаъчу адамийн бакъонаш талхорна бехкебаро а, лаамза гIуллакхаш даро а, Iедалан критикаш хьийзоро а регионан куьйгалхошна тIе жоьпалла ца дуьллу", - билгалдоккху Исхановс.

Мусаеван гIуллакх уггаре а гайтаме долчу масалех цхьаъ хета цунна: "Йоккха, цомгуш зуда нуьцкъала дIайигина Оьрсийчоьнан кхечу регионера, иза набахте йоьллина, дукххаъчу бакъонашларйархоша тоьшаллаш дарца, цхьана а хIумана бехке а йоцуш, политикан буха тIехь. ХIокху Iедална хьалха адам бакъо йоцуш хиларан билгало хилла дIахIоьттина цуьнан кхоллам".

Иштачу хьелашкахь, тlетуьйхира политологo, адамийн тешам бов кхелех а, таллламах а, прокуратурех а. Эххар а меттигера бахархошна дуьсург ду, регионан куьйгалхочуьнга бистхилийта, цунна гергара, уллора нах леха.

"Цара нийсо ца йоьху, низам лардар тlе а ца дуьллу, цара къинхетам бар доьху. Йозуш йоцчу кхелан сацамах боьзна а боцуш, мехкан урхалхочун карахь стеган кхоллам хилар, иза пачхьалкхан институташна кlорггера деградаци хилар ду", - билгалдаьккхира цо.

Цкъачунна Мусаева Заремин йоlа дахьийтинчу кехат тергал ца дина КадыровгIеран доьзало. Оцу йукъанна цуьнан йистхиларо Нохчийчуьра бахархошлахь цхьацца къийсамаш баьхна.

Янгулбаевс дийцарехь, йукъараллехь цхьаболчара гlортор йо оцу гlулчана, йоккха зуда кхин дla а лаьцна латтор маьlна доцуш ду, Iедалан сий дайъар бен цунах хуьлуш пайда а бац аьлла хеташ. Вукхара, мелхо а, КадыровгIаьрга къинхетам бар деха оьшуш дацара, иза эгIазалла гайтар а, эхь а ду бохура. Мусаеван кlанта луьра жоп ло и ойла йолчарна: "Тхан нана оцу гlулчо кlелхьарайоккхур йелахь, тхуна хlуъа дар а эхь ду аьлла ца хета. Схьагарехь, и къамел дечу нахехь тхоьгахь болу сингаттам бац".

- Нохчийчоьнан омбудсмено Солтаев Мансура дlахьедира, Къилбаседа Кавказехь зударий къаьсттина ларбеш бу, йукъараллехь лаккхара дарж дlалоцуш бу уьш аьлла. Нохчийчуьрчу массо а бахархойн бакъонаш а, маршонаш а ларъйеш хиларх лаьцна кест-кеста хаам бо цо. Ткъа бакъонашларйархоша адамаш лечкъорах а, царна тlехь Iазап латторах а, уьш къайлаха набахтешкахь латторах а, бертаза Украине тlаме хьийсош хиларх а лаьцна бен хаамаш, питанаш ду боху цо. Тхан редакцино дуьйцу регионан Iедалша зударийн бакъонаш ларъйарх лаьцна деш долу дlахьедарш хlун бух болуш ду.

**Таханлера теманаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю